

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Métode panalungtikan mangrupa salah sahiji cara pikeun ngaréngsékeun hiji masalah anu dilaksanakeun sacara ngéntép seureuh, dirancang kalayan taliti. Maksudna pikeun meunangkeun fakta jeung kacindekan supaya bisa dicangkem, dijéntrékeun, diramalkeun, jeung bisa ngadalikeun kaayaan (Syamsudin, 2009: 14).

Pikeun ngaréngsékeun hiji masalah tangtuna métode anu digunakeun kudu saluyu jeung tujuan-tujuan anu baris dihontal. Ku kituna, ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskripsi. Métode déskripsi nya éta salah sahiji métode panalungtikan anu ditujukeun pikeun ngagambarkeun fénoména-fénoména anu aya, anu lumangsung dina hiji mangsa kiwari atawa bihari. Panalungtikan déskriptif ditujukeun pikeun ngadéskripsikeun hiji kaayaan atawa kajadian naon nu sabenerna.

Jadi, data-data hasil panalungtikan ieu didéskripsikeun dina wangun kamapuh mahasiswa asal pulo Sumatera entragan 2006 dina ngucapkeun foném-foném basa Sunda, foném-foném anu salah diucapkeun ku mahasiswa asal pulo Sumatera entragan 2006, foném-foném anu bener diucapkeun ku mahasiswa asal pulo Sumatera entragan 2006, sarta halangan jeung kasulitan mahasiswa asal pulo Sumatera dina ngucapkeun foném-foném basa Sunda. Dina panalungtikan déskriptif ieu ngagunakeun pamarekan kualitatif anu ngahasilkeun data déskriptif

tina hasil ngucapkeun foném-foném basa Sunda mahasiswa UPI asal pulo Sumatera entragan 2006 jeung eusian angkét sacara tinulis.

Léngkah-léngkah anu ditempuh dina ngaréngsékeun atawa ngajawab pasualan dina panalungtikan ieu ku cara: ngumpulkeun data, nyolah data, nyusun kacindekan, jeung nyieun laporan.

3.2 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih écés tur henteu nimbulkeun salah tafsir dina ieu panalungtikan aya sababaraha istilah anu dipedar, di antarana:

- a. Kamampuh ngucapkeun nya éta kaparigelan, kasanggup, jeung kabisa anu dipibanda dina ngucapkeun foném-foném basa Sunda.
- b. Foném basa Sunda nya éta wangun basa pangleutikna anu ngabogaan fungsi pikeun ngabédakeun harti dina basa Sunda. Foném-foném basa Sunda ieu nu jadi objék dina bahan panalungtikan.
- c. Mahasiswa UPI asal pulo Sumatera nya éta sakabéh mahasiswa UPI S1 Bumi Siliwangi entragan 2006 anu kadaptar di UPI asalna ti pulo Sumatera boh asli pulo Sumatera boh anu cicingna di pulo Sumatera.

3.3 Populasi jeung Sampel Panalungtikan

3.3.1 Populasi Panalungtikan

Populasi nya éta sakabéh objék panalungtikan, bisa mangrupa manusa, barang, sato, tutuwuhan, tanda-tanda, niléy tés, atawa kajadian-kajadian anu jadi sumber data sarta ngabogaan karakteristik nu tangtu dina hji panalungtikan (Hadari Nawawi). Populasi dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh mahasiswa

UPI asal pulo Sumatera entragan 2006 anu jumlahna 276 urang, anu kabagi kana: FIP 60 urang, FPIPS 13 urang, FPBS 58 urang, FPMIPA 76 urang, FPTK 30 urang, FPOK 3 urang, jeung FPEB 36 urang. 276 urang mahasiswa ieu sumebar ti 9 provinsi nu aya di pulo Sumatera nya éta D. I. Aceh, Sumatera Utara, Sumatera Barat, Riau, Jambi, Sumatera Selatan, Bengkulu, Lampung, jeung Kapuloan Bangka Belitung.

3.3.2 Sampel Panalungtikan

Sampel nya éta sabagian tina populasi, salaku conto anu ditarik ku cara ngagunakeun cara-cara anu tangtu (Margono, 2007: 121). Anu jadi sampel dina ieu panalungtikan nya éta 28 urang mahasiswa UPI asal pulo Sumatera entragan 2006. Sampel ditarik ngagunakeun téhnik *non-random sampling* nya éta téhnik narik sampel sacara non-random atawa henteu sakabéh individu nu aya dina populasi dibéré kasempetan anu sarua pikeun jadi anggota sampel. Salian ti éta, sampel ieu ogé ditarik kalayan tinimbangan numutkeun Arikunto (2006: 134), yén lamun populasi leuwih ti 100, panalungtik bisa narik sampel 10-15% atawa 20-25% atawa leuwih. Sakabéh jumlah mahasiswa UPI asal pulo Sumatera entragan 2006 aya 276 urang, anu jadi sampel nya éta 10% tina populasi atawa 27,6 dibuleudkeun 28, jadi jumlah sampelna 28 urang mahasiswa.

Tina 9 provinsi nu aya di pulo Sumatera ditarik 56% pikeun jadi sampel panalungtikan nya éta 5 provinsi nu aya di pulo Sumatera anu ngawengku Sumatera Utara, Sumatera Barat, Riau, Jambi, jeung Kapuloan Bangka Belitung.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén nya éta alat anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nu kudu bener-bener dirarancang jeung dijieun supaya bisa ngahasilkeun data émpiris sakumaha ayana. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés, angkét, jeung alat rékam (MP3 jeung camera digital).

3.4.1 Tés

Tés nya éta saparangkat patalékan atawa latihan sarta alat lain anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, kamampuh atawa bakat anu dipibanda ku individu atawa kelompok. Tés nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés lisan ku cara nyadiakeun sababaraha foném basa Sunda anu disusun dina wangun kecap, frasa, jeung kalimah tina kandaga kecap basa Sunda. Anapon dina wangun kecap ngawengku 5 kecap pakakas pakarang Sunda, 5 kecap pancarékan, 5 kecap sifat jalma, 5 kecap ngaran kasakit, 5 kecap bagian awak, 5 kecap istilah ngala lauk, 5 kecap ngaran sato, 5 kecap babagian tutuwuhan, 5 kecap onomatopé, 5 kecap saharti, jeung 5 kecap sabalikna. Wangun frasa, 5 frasa sifat warna jeung 5 frasa kecap panganteur. Wangun kalimah nya éta 5 kalimah sesebutan keur mapandékeun anggahota awak.

Tabél 3.1.

INSTRUMÉN TÉS NGUCAPKEUN FONÉM BASA SUNDA

NO.	KANDAGA KECAP	NO.	KANDAGA KECAP
I.	Pakakas Pakarang Sunda	II.	Pancarékan
	aseuk		aseupan
	bedog		cécémpéh
	étém		coét
	gobéd		jubleg

	koréd		kekeb
III.	Sifat Jalma	IV.	Ngaran Kasakit
	dedegler		budug
	gebleg		gabag
	hideng		mengi
	ngeleyed		nyelengit beuteung
	reugreug		seueul
V.	Bagian Awak	VI.	Istilah Ngala Lauk
	angen		ngabedahkeun
	beungeut		ngaheurap
	beuteung		ngarégrég
	ceuli		ngecrik
	godég		nguseup
VII.	Sato	VIII.	Babagian Tutuwuhan
	beurit		beuti
	hileud		gebog
	laleur		geleuh
	reungit		sénggéh
	wereng		tunggul
IX.	Kecap Onomatopé		
	badug		
	bedug		
	gebug		
	sahéng		
	leguk		
X.	Kecap Saharti	XI.	Kecap Sabalikna
	belik = delik		beurang x peuting
	bérag = hégar		lega x heureut
	leupas = lésot		badag x leutik
	getén = tulatén		landes x laér
	geusan = pikeun		cékas x meleepem
XII.	Frasa Sifat Warna	XIII.	Frasa Kecap Panganteur
	beureum euceuy		ceuleukeuteuk seuri
	héjo ngagedod		eureuleu teurab
	hideung meles		golédag ngedeng
	hideung lestreng		pleng ambleng
	konéng enay		segruk ceurik
XIV.	Kalimah Sesebutan keur Mapandékeun Anggahota Awak		
	Angkeut endog sapotong.		
	Cangkéng lenggik nanding papanting.		
	Halis ngajelér paéh.		
	Rambut hideung meles.		
	Taar téja mentrangan.		

3.4.2 Angkét

Angkét nya éta sajumlah patalékan anu digunakeun pikeun meunangkeun informasi ti objék panalungtikan, dina hal ieu mahasiswa UPI asal pulo Sumatera entragan 2006 dina harti laporan ngeunaan pribadina atawa hal-hal lain anu aya hubunganna jeung panalungtikan (angkét dilampirkeun).

3.4.3 Alat Rékam

Alat rékam digunakeun pikeun ngarékam hasil mahasiswa dina ngucapkeun foném-foném basa Sunda tina instrumén tés anu diujikeun.

3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina panalungtikan, salian ti ngagunakeun métode anu luyu, panalungtik ogé perlu milah-milih téhnik anu luyu dina ngumpulkeun data sangkan ngahasilkeun data anu rélevan. Anapon téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik obsérvasi, téhnik angkét, jeung téhnik tés.

3.5.1 Téhnik Obsérvasi

Téhnik obsérvasi bisa dihartikeun prosés niténan jeung nyatet sacara sistematis ngeunaan kajadian anu katingali atawa kaalaman ku objék anu ditalungtik. Téhnik obsérvasi digunakeun nalika niténan mahasiswa UPI asal pulo Sumatera dina campur gaul jeung masarakat dina sapopoéna. Salian ti éta, obsérvasi ogé digunakeun dina niténan foném-foném dina wangun kecap, frasa, jeung kalimah anu mungkin nimbulkeun kakaliruan lamun diucapkeun ku mahasiswa UPI asal pulo Sumatera.

3.5.2 Téhnik Angkét

Angkét mangrupa téhnik ngumpulkeun data anu dilakukeun ku cara méré saparangkat patalékan tinulis ka réspodén dina hal ieu mahasiswa UPI asal pulo Sumatera entragan 2006 pikeun dijawab. Angkét nu dibagikeun ka réspodén ngawengku dua bagian, bagian kahiji eusina ngeunaan biodata réspodén jeung bagian kadua eusina ngeunaan pangalaman jeung pangaweruh ngeunaan kahirupan sapopoé réspodén anu aya hubunganana jeung bahan panalungtikan.

3.5.3 Téhnik Tés

Téhnik tés dina ieu panalungtikan gunana pikeun ngukur tingkat kamampuh mahasiswa UPI asal pulo Sumatera entragan 2006 dina ngucapkeun foném-foném basa Sunda anu disusun dina wangun kecap, frasa, jeung wangun kalimah. Numutkeun Arikumto (2006: 239), hasil panalungtikan déskriptif dibagi 2 kelompok nya éta data kuantitatif nu mangrupa angka-angka jeung data kualitatif dina wangun kekecapan. Hasil ngucapkeun para réspodén dirata-ratakeun ku cara ngajumlahkeun hasil kamampuh ngucapkeun réspodén (foném anu bener diucapkeun) dibagi jeung jumlah réspodén. Pikeun ngawatesanan réspodén anu mampuh jeung henteu mampuh ngucapkeun foném nya éta (1) réspodén anu mampuh ngucapkeun foném, hasil tés kamapuh ngucapkeun fonémna leuwih gedé tina rata-rata, jeung (2) réspodén anu teu mampuh ngucapkeun foném, hasil tés kamampuh ngucapkeun fonémna sarua jeung leuwih leutik tina rata-rata.

3.6 Téhnik Ngolah Data

Data anu dikumpulkeun ti mahasiswa anu dités ngaliwatan instrumén panalungtikan ngeunaan kamampuh ngucapkeun foném-foném basa Sunda jeung angkét anu dieusian, satuluyna diolah dumasar kapentingan panalungtikan. Kagiatan ngolah data mibanda tujuan pikeun ngolah data kotor jadi data bersih, sarta méré ma'na kana hasil panalungtikan.

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap:

1. Ngatranskripsikeun sacara fonétis jeung fonémis hasil tés ngucapkeun foném-foném basa Sunda.
2. Nganalisis data nu geus ditranskripsikeun, dipilih foném mana waé anu mampuh diucapkeun, anu salah jeung anu bener diucapkeun ku réspodén.
3. Ngadéskripsikeun hasil tés.
4. Nganalisis angkét anu geus dijawab.
5. Ngadéskripsikeun angkét anu geus dianalisis dumasar kana halangan jeung kasulitan dina ngucapkeun foném basa Sunda.
6. Nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan.

3.7 Prosedur jeung Tahap-tahap Panalungtikan

Proedur atawa léngkah-léngkah anu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku opat léngkah atawa opat tahap nya éta:

1. Tahap tatahar
 - a. nyusun proposal;
 - b. ngayakeun obsérvasi pikeun nangtukeun sumber data;

- c. ngayakeun talaah pustaka;
 - d. nyusun instrumén tés jeung angkét;
 - e. ngayakeun konsultasi jeung dosén pangaping.
2. Tahap ngumpulkeun data
 - a. ngahubungi mahasiswa anu daék jadi réspondén;
 - b. ngabagikeun angkét ka réspondén;
 - c. ngayakeun tés ngucapkeun foném-foném basa Sunda
 3. Tahap ngolah data
 - a. ngatranskripsikeun sacara fonétis jeung fonémis hasil tés ngucapkeun foném-foném basa Sunda;
 - b. nganalisis data nu geus ditranskripsikeun, dipilih foném mana waé anu mampuh diucapkeun, anu salah jeung anu bener diucapkeun ku réspondén;
 - c. ngadéskripsikeun hasil tés;
 - d. nganalisis angkét anu geus dijawab;
 - e. ngadéskripsikeun angkét anu geus dianalisis dumasar kana halangan jeung kasulitan dina ngucapkeun foném basa Sunda;
 - f. nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan;
 - g. ngayakeun konsultasi jeung dosén pangaping.
 4. Tahap nyusun laporan

Sakabéh data jeung hasil kacindekan ahir tina ieu panalungtikan disusun jadi skripsi kalawan ngagunakeun kaédah-kaédah panulisan karya ilmiah anu disusun ku UPI.